Ассаламу гIалайкум!

ГЬУДУЛЛЪИ

№65
(9707)
2015 соналъул
7 август
РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

КЪВАРИЛЪИ ЧИЯР БУКIУНАРО

Гьелъие цойги нухалъ нугIлъи гьабулеб буго Чачан Республикаялдасахун рокъоре рачIунел рукIарал ГIанди ва ГIашали росабазул I8 чи, аслияб къагIидаялда руччаби, рекIун букIараб «Газель» автомашинаялъ авария гьабиялъул хIасилалда анцIгониги чи хвеялда бан нилъер районалъул нухмалъулезухъе, ГIанди ва ГIашали росабазул жамагIаталъухъе рачIунелго рачIунел ругел зигарабазул телеграммабазги зигараялъе рачIунел жалго гIадамазги.

Гьелъие батIаго цIикIкIун нугIлъи гьабуна гьеб къварилъиялде тIоцере тIаде щварал чачаназул Ведено районалъул гIадамаз ва медхIалтIухъабаз аварияльде ккарал хвасар гьариялъе бихьизабураб кIудияб хIаракатчилъиялъги ва Чачан Республикаялъул бетIер Рамзан Къадировас гьабураб материалияб кумекалъги.

Гъоркьехун рахъулел руго нилъер къварилъи бикьун зигара баразул сияхI.

Аллагьас рохун тайги гьел киналго! Аллагьас гьединал балъгоял къварилъабаздаса цIунун хутIаги нилъ киналго!



ЗЦЗЦ 006 С01 175518 1
(175 175988/02 0033 1806 23.07)

МАХАЧКАЛА ЦТ 102 68 23/07 1802=

ПРАВИТЕЛЬСТВЕННАЯ БОТЛИХСКИЙ РАЙОН СЕЛ БОТЛИХ АДМИНИСТРАЦИЯ
МО БОТЛИХСКИЙ РАЙОН ГЛАВЕ МУНИЦИПАЛЬНОГО
ОБРАЗОВАНИЯ БОТЛИХСКИЙ РАЙОН ПАТХУЛАЕВУ М М =

УВАЖАЕМЫЙ МАГОМЕД МАЛАЧЕВИЧ
ПРОШУ ПЕРЕДАТЬ МОИ ИСКРЕННИЕ СОБОЛЕЗНОВАНИЯ РОДНЫМ И
БЛИЗКИМ ПОГИБШИХ И СОЧУВСТВИЕ ПОСТРАДАВШИМ ЖИТЕЛЯМ
СЕЛ АНДИ И АШАЛИ В СВЯЗИ С ТРАГЕДИЕЙ КОТОРАЯ
ПРОИЗОШЛА 21 ИЮЛЯ НА ТЕРРИТОРИИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ
СЕМЬЯМ ПОГИБШИХ И ПОСТРАДАВШИХ ОКАЗАНА МАТЕРИАЛЬНАЯ
И НЕОБХОДИМАЯ МЕДИЦИНСКАЯ ПОМОЩЬ СКОРБЛЮ ВМЕСТЕ
С ВАМИ=ГЛАВА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН Р АБДУЛАТИПОВ=

368970 с. Ботлих
БОТЛИХСКИЙ РАЙОННЫЙ УЗЕЛ СВЯЗИ
Государственное предприятие связи и информатики «Россвязьинформ» Дагестанской ССР



ЗЦЗЦ 001 П01 175518 1
(175 175530/01 0001 0805 24.07)
=

ХЕБДА ШАМИЛЬСКОГО 001 10Ч 24/7 0800 БОТЛИХСКИЙ РАЙОН С.БОТЛИХ
АДМИНИСТРАЦИЯ
РАЙОНА ПАТХУХИЛОВУ МАГОМЕДУ=

ОТ ИМЕНИ ЖИТЕЛЕЙ ШАМИЛЬСКОГО РАЙОНА ВЫРАЖАЕМ
ИСКРЕННИЕ СОБОЛЕЗНОВАНИЯ ВАМ И ВСЕМУ ДЖАМААТУ
С.АНДИ В СВЯЗИ С ПОСТИГШИМ ГОРЕМ-СМЕРТЬЮ
ЖИТЕЛЕЙ В СТРАШНОЙ АВТОКАТАСТРОФЕ.
ПРОСИМ ПЕРЕДАТЬ НАШИ СОБОЛЕЗНОВАНИЯ РОДНЫМ И
БЛИЗКИМ ПОГИБШИХ.

ГЛАВА РАЙОНА АСИЯТИЛОВ
ГЛАВА АДМИНИСТРАЦИИ ГАМЗАТГАДЖИЕВ
ННИН 0805 24.07 0001

368970 с. Ботлих
БОТЛИХСКИЙ РАЙОННЫЙ УЗЕЛ СВЯЗИ
Государственное предприятие связи и информатики «Россвязьинформ» Дагестанской ССР



ЗЦЗЦ 013 С01 175518 2

(205 111265/01 0036 1624 24.07)

МОСКВА 265/1/2101 58 2Ч/7 1622=

ПРАВИТЕЛЬСТВЕННАЯ БОТЛИХ РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН ГЛАВЕ МО БОТЛИХСКИЙ
РАЙОНОМ М ПАТХУЛАЕВУ=

УВАЖАЕМЫЙ МАГОМЕД МАЛАЧЕВИЧ

ОТ ИМЕНИ ДЕПУТАТОВ ГОСУДАРСТВЕННОЙ ДУМЫ ФРАКЦИИ ЛДПР И ОТ СЕБЯ
ЛИЧНО ВЫРАЖАЮ ГЛУБОЧАЙШИЕ СОБОЛЕЗНОВАНИЯ РОДСТВЕННИКАМ ЖЕРТВ
СТРАШНОЙ ТРАГЕДИИ ПРОИЗОШЕДШЕЙ В ВЕДЕНСКОМ РАЙОНЕ РЕСПУБЛИКИ ЧЕЧНЯ
МЫ СКОРБИМ ВМЕСТЕ С РОДНЫМИ И БЛИЗКИМИ ПОГИБШИХ ЖЕЛАЕМ СКОРЕЙШЕГО
ВЫЗДОРОВЛЕНИЯ ПОСТРАДАВШИМ С УВАЖЕНИЕМ=РУКОВОДИТЕЛЬ ФРАКЦИИ ЛДПР В
В ЖИРИНОВСКИЙ=
ННИН 1626 24.07 0013

368970 с. Ботлих
БОТЛИХСКИЙ РАЙОННЫЙ УЗЕЛ СВЯЗИ
Государственное предприятие связи и информатики «Россвязьинформ» Дагестанской ССР

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН

АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ "ГУНИБСКИЙ РАЙОН"

368340, РД, Гунибский район, с. Гуниб, пл.Шамиля, 1 тел./факс гл. адм. – 8(87258) 22-2-41; 8(87258) 22-2-45
оф.сайт: www.gunib.ru E-mail: gunibrayon@e-dag.ru; mo_gunib@mail.ru

«24» июль 2015 г. №_____

Главе МР «Ботлихский район»

Патхулаеву М.М.

Уважаемый Магомед Малачевич!

Острой болью в сердцах жителей Гунибского района отозвалась печальная весть о трагическом дорожно-транспортном происшествии, повлекшем за собой гибель жителей Анди Вашего района. Смерть людей – всегда тяжелейшая и невосполнимая утрата. Мы разделяем с Вами, родственниками погибших и жителями Ботлихского района скорбь в связи с этими тяжелыми потерями. Примите искренние соболезнования и прошу передать слова поддержки родным и близким жертв автокатастрофы и пожелания скорейшего выздоровления пострадавшим.

С уважением,

Глава Администрации
МО «Гунибский район» **П. Магомедов**

ТВТ: 24 ИЮЛ 2015 00:35 С. 1/1

АДМИНИСТРАЦИЯ
МР "Ботлихский район"
Республики Дагестан
«24» 07 2015 г.
Входящий № 1476

Русская Православная Церковь (Московский Патриархат)
Махачкалинская епархия
ЕПАРХИАЛЬНЫЙ АРХИЕРЕЙ

367000, Россия, Дагестан, г. Махачкала, ул. Орджоникидзе, 140. Тел./факс: +7(8722) 69-13-83; E-mail: diocese@pravoslavie.ru

22 июля 2015 г.

Главе Ботлихского района
Республики Дагестан
М.М. ПАТХУЛАЕВУ

Уважаемый Магомед Малачевич!

Глубокой скорбью отозвалось мое сердце на известие о трагедии в Веденском районе Чеченской Республики, унесшей жизни 11 жителей села Анди.

Выражаю глубокие соболезнования Вам, родным и близким погибших, всем жителям села Анди. Уверен, будет сделано все возможное, чтобы поддержать тех, кого коснулась эта беда. Молюсь, да пребудет с душами ушедших в мир иной милосердие Всевышнего, да пошлет Он утешение тем, кто ныне оплакивает погибших, и да исцелит тех, кто получил тяжелые травмы в результате автокатастрофы.

С уважением,

ЕПИСКОП МАХАЧКАЛИНСКИЙ И ГРОЗНЕНСКИЙ

спорт-спорт-спорт

ГIисал тIоцебесеб бергьенлъи

7 июналъ Санкт-Петербург шагьаралда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб профессионалияб рагъулаб самбояльул рахъалъ Россияльул чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Россиялъул батIи-батIиял регионазул ва Чачанальан Ингушетиялдаса Кабардино-Балкариялдаса спортсменаз. Гьел къецазулъ гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул ГIашали росулъа ХIайбулаев ГIисацаги. Гьес речIи гьабуна Ингушетиялдаса ва Кабардино-Балкариялдаса спортсменалгун ва ГIисаца гьеб лъугIинабуна заман лъугьинелдего ракIчараб бергьенлъигун.

Гьев вахъана Россиялъул чемпион.

Спорталдехун ГIисал рокьи бижун буго жеги гьитIинго. Цо рахъалъа гьелъие квербакъи гьабуна телевизоралдасан рихьизарулел спортивиял передачабазги. Спорталде бижараб рокьуца, гIумрудул микьго сон барав ГIиса живго уна ГIашали спортзаладе. КIиго соналъ гьенивеги хьвадун, жеги щулалъараб рокьуца ГIисаца къасд гьабула спорталда тIад чIезе. Гьес хIалбихъула эркенаб гугари, греплинг гIадал спорталъулал тайпабазул. Ахирги тIаса бищула «Бои без правил». Ва гьеб спорталда тIад чIей гьабулеб буго 14 сон баралдаса нахъе. Гьесул тренер ккола Артур МухIамадов.

Спорталде бугеб рокьуца бецц гьавуниги, ГIисаца хIисабалде босун буго жиндирго гIумрудул нухги. Гьединан ГIисаца тIаса бищана гIумрудул махщеллъун медицинаяльулаб нух кквезе.ГIиса ккола медколеджалъул лъабабилеб курсалъул студент.

Нижецаги ГIисае гьарула сахлъи ва спорталъулъ чIахIичIахIиял бергьенлъаби.

П.ДИБИРОВА.

Веселые старты
ЧЕБУРАШКИ ВА ВЕСНУШКИ

Араб анкьалъ «Чебурашка» ясли-ахалда тIобитIана «Веселые старты» абураб спортивияб къец. Гьелде лъикIаб хIадурлъи гьабун бугоан воспитателазги гьитIичазги. ЛъикIаб девизгун цере рахъана кIиябго команда «Чебурашки» ва «Веснушки». БукIана гьезул жидерго эмблемаги, формаги. Лъималаца цIалана спорталъул бугеб пайдаялъул бицун кучIдул. Бихьизабуна рекеризе, кIанцIезе, накабазда гьоркьоб мячги ккун рилълъине, чIахIиял торгIоги, турпияздаги рекIун кIанцIезе, канат цIазе, махщалида цоцахъе торгIо кьезе бугеб махщел гьунар. Гьеб къецалъулъ гьединго хIал бихьана жидерго спортивияб жан бихьизабизе гьитIичазул улбузги. Гьеб кутакалдаса лъикIаб ва пайдаяб къец тIобитIизе хIадури гьабуна физкультураялъул инструктор Ханмурзаева Румияца, къецалде лъимал хIадурана воспитателал Дербишева ГIайшатица ва Х!ажиева ГIайгибатица. Тадбир рагьана ва рагIалде бачана Парсанова Лайлаца.

Гьезул церерахъиналъе къимат кьезе жюрильун рукIана садикалъул заведующая Азаева Зубаржат, воспитателал МухIамадова ХIалимат ва ГIалиева ПатIимат. Къец байбихьилаldего гьез къотIиги гьабун букIана ритIухъаб къимат кьезе гьезул спортивияб церерахъиналъе. Ва гьединаб къагIидаялда кьиматги кьолаго 60-56 баллалда бергьенлъи босана «Веснушки» командаялъ.

З. МУХIАМАДОВА

АДАБИЯТАЛЪУЛ ГЪАСДА

Бакъул горду гIадаб Ингердахъ росдал босе, Болъихъ шагьар, щулияб салам!



Шагьрудин Къурбанов гьавуна ГIахьвахъ районалъул Ингердахъ росулъ 1942 соналъ. Жиндирго гIумрудул хIакъалъулъ гьес гьадин хъвалеб буго.

-Рагъул ва рагъдаса хадусел соназ гIемер вакъунги къечонги хутIана, тIад ретIизе партал-ги букIинчIо. ХIатIазда гIицIго вилълъиналъ лъехана хIатIал.

Киналъулго хIисабги гьабун, цIалиялда тIадчIана..

1969 соналъ лъугIана Буйнакскиялъул Авар педучилище. ЦIалулаго лъай-хъвай ккун хадуй ячана Хунзахъ районалъул машгьураб ТIануси росулъа ПатIимат. Гьелдасаги лъималаздасаги цIакъ разиявги вохаравги вуго дун. 1977 соналъ лъугIизабуна пединститут. 1969 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго Ингердахъ росулъ мугIалимлъун. ГьитIинаб механдасанго бокьулел букIана кучIдул хъвазе. Гьал кучIдулги дица сайгьат гьарула пединституталда цIалула вугеб механ цадахъ цIалула рукIарал гьалмагъзабазе. Гьединго Болъихъ гIумру гьабун бугел росуцоязе, лъале-хъвалезе.

Гьанибго абизе бокьун буго:

Дун поэтги гуро, КочIохъан гьечIо,
РекIел чучиялъул, Чанахъан вуго!

БЕТIЕР КЪУЛУЛА ДИЦА

Рагъда россал тIагIарал,
ТIолалго гьал улбузе,
ТIаса тIагъурги бахъун,
БетIер къулула дица.

Къисматалъ талихI кьечIел,
Къайицадахъал гьечIел,
БахIарзазул лъудбузе
БетIер къулула дица !

Чан батIиял пикрабаз
БутIрул нужер квегъарал ?
Кинабго лъикIаб гьарун,
БетIер къулула дица !

ЗахIматал къварилъабаз
Къан рачел борчаниги,
Чаран гIадин квакIарал,
БетIер къулула дица !

ТIагърил къимат рехичIо,
Къадру тIокIал росазул,
КъвакIун чIана кидаго
БетIер къулула дица !

БитIараб къимат кьезе
Къуват дирги гIеларо,
ГIумруялъ рекIелъ ругел,
БетIер къулула дица !

Хириял росал сверун
Къункърабазде ратани,
Нуж руго мугIрул бисал,
БетIер къулула дица !

ХIалихьатаб къавмалъе
Къураб рагIи бицинчIел,
Къирбалалъул жамагIат,
БетIер къулула дица !

Гьабулеб дугIа-алхIам,
Дурус ккайги нужее.
Диналъул церехъаби,
БетIер къулула дица !

Нужер хIурматги гьабун
КучIдул хъвазе ахIула
Камилал дир умумул,
БетIер къулула дица!

БЕРГЬЕНЛЪИ БОСАРАЛ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

Ниж фашистаздаса
РухI кьун цIунарал
ЦIадул гулла гIадал
Гучал БахIарзал!

Берлин бахинабун
Немцал хъамурал
Хъвекал цIумал гIадал
ЦIар арал васал!

Дагъистаналда тIогьиб
Байрахъал чIварал
БахIарчилъи тIокIал
ТIулилал вацал!

Нилъеда кидаго
КIочене гьечIо
Бергьенлъи босарал
Сахал Бихьинал!

Нилъ чIухIарал руго
БахIарзаздаса
Нилъ рохарал руго
Улкаялдаса!

БУКIА ДУЛЪ

Эбел-инсул хIурмат гьаби — БукIа дулъ!
КIудиязе кумек гьаби — БукIа дулъ!
Гьоболасул хъулухъ тIубай — БукIа дулъ!
РакIбацIцIадго хIалтIи гьаби — БукIадулъ!
ХIалихьалъи гьечIеб гIамал — БукIа дулъ!
Гьудул-гьалмагъ лъикIав вищи — БукIа дулъ!
МацIихъанлъи рикIкIад гьаби — БукIа дулъ!
ГIадамазе кумек гьаби — БукIа дулъ!
КIал-мацIалда хъаравуллъи — БукIа дулъ!
Диналдехун рокьи-хурхен — БукIа дулъ!
БахIарчилъи, сабру гьаби — БукIа дулъ!
Адабияб тарбия кьей — БукIа дулъ!
ЛъикIалдехун пикру-анищ — БукIа дулъ!
РекIел мурад тIубазе лъай — БукIа дулъ!
БетIер хIалтIун, хIатIал роси — БукIа дулъ!
НигIматазул хIурмат цIуни — БукIа дулъ!
Дуй рихараб чидай гьаби — Рехун те!

САХЛЪИ

ЛъикIал гIадамазе
Гьарула сахлъи,
Сахават тIокIазе
ТIокIкIараб сахлъи.

Сабру камилазе
Кидаго сахлъи,
Кеп-гIоркь бокьулезе
Лазатаб сахлъи.

ИяхI цIикIкIаразе
РоцIцIараб сахлъи,
Мискин пакъиразе
Къойилаб сахлъи,

Къайицадахъазе
Даимаб сахлъи,
КъабихIал чагIазе
Чучлъараб сахлъи,

Чорхолъ яхI гьечIезе
Гьодораб сахлъи,
Къалде халкъ гьолезе
Гъурараб сахлъи,

ЛъикIав гьалмагьасе
Гьайбатаб сахлъи,
Гьудул рехичIезе
Рохараб сахлъи,

БитIун хьвадулезе
Дурусаб сахлъи.
ТIолареб рокьуе
КьуричIеб сахлъи,

Квешлъи бекьулезе
КъучI гьечIеб сахлъи,
СихIираб халкъалъе
ХIалакъаб сахлъи,

Кумек цIикIкIаразе
КIудияб сахлъи,
Росу-ракь кколезе
Камилаб сахлъи,

Как-дин роцIаразе
Разияб сахлъи,
Сахлъи , сахлъи, сахлъи
ЛъикIал щиназе !

Колонка прокурора

О минимальном размере оплаты труда

В соответствии с ч. 3 ст.133 ТК РФ месячная заработная плата работника, полностью отработавшего за этот период норму рабочего времени и выполнившего нормы труда (трудовые обязанности), не может быть ниже минимального размера оплаты труда.

Часть 1 ст. 129 ТК РФ определяет заработную плату работника как вознаграждение за труд в зависимости от квалификации работника, сложности, количества, качества и условий выполняемой работы, а также компенсационные выплаты (доплаты и надбавки компенсационного характера, в том числе за работу в условиях, отклоняющихся от нормальных, работу в особых климатических условиях и на территориях, подвергшихся радиоактивному загрязнению, и иные выплаты компенсационного характера) и стимулирующие выплаты (доплаты и надбавки стимулирующего характера, премии и иные поощрительные выплаты) и дает понятия тарифной ставки, оклада (должностного оклада), базового оклада (базового должностного оклада), базовой ставки заработной платы.

Согласно указанной статье оклад (должностной оклад) - фиксированный размер оплаты труда работника за исполнение трудовых (должностных) обязанностей определенной сложности за календарный месяц без учета компенсационных, стимулирующих и социальных выплат.

Как следует из ст. 146 ТК РФ, труд работников, занятых на работах в местностях с особыми климатическими условиями оплачивается в повышенном размере.

При этом ст. 148 ТК РФ предусматривает, что оплата труда на работах в местностях с особыми климатическими условиями производится в порядке и размерах не ниже установленных трудовым законодательством и иными нормативными правовыми актами, содержащими нормы трудового права.

Таким образом, указанные нормы трудового законодательства допускают установление окладов, как составных частей заработной платы работников, в размере менее минимального размера оплаты труда при условии, что их заработная плата будет не менее установленного федеральным законом минимального размера оплаты труда. При этом районный коэффициент и процентная надбавка за непрерывный стаж работы должны начисляться к заработной плате сверх установленного федеральным законодательством минимального размера оплаты труда.

В соответствии со ст.1 Федерального закона от 19.06.2000 №82-ФЗ «О минимальном размере оплаты труда» с 01.01.2015 минимальный размер оплаты труда составляет 5 965 руб.

И.О. прокурора района , младший советник юстиции Д.А. Джабраилов

АРЗУЛУМИЛ ХИЗРИ ХВЕЯЛДА БАН

Инсанасулъ лъураб ханас хасият,
Я лъикIаб, я квешаб бахчун чIоларо,
Дур хасияталъул сия-сияб гуч,
Чамгоясе гIураб мисал букIана.

РакIалъул ниятгун калам рекъараб,
Къуваталда ана дур къокъаб гIумру.
Гьединаб букIараб дур хьвадиялъе
НугIлъи гьабулезулъ дунги гIахьалав.

Рахсал ран ккуниги ккун жиб чIолареб,
ЧIаголъи гьечIеб рукъ буго гьаб дунял.
ГIиллазе гIемерав ахIичIев гьобол
Гьарун нахъ унаро рухI босун гурев.

Телефоналъ кIалъай халат бахъараб
Сахлъун вахъиналда божун букIана
Божуда рекIкI бугеб байтурман танин
Пашман гьавиларо мун бетIергьанас
ИН ША АЛЛАГЬ
Къварилъи-инагьди гIагарлъиялъул
ГIумру къотIаразулъ къотIуларе жо
БакIаб ками буго эмен ватIалъи
ТIураб буцур гIадин гIедегIун арав
ТIулил яцаздаги абун щиб телеб
Иман-сабруялда рукIаян гуреб.

САЛМАН ГIУБАЙДУЛАЕВ

Эксперимент по приминению инновационной контрольно-кассовой техники продлен до конца декабря

Организациям и индивидуальным предпринимателям, которые участвовали в эксперименте по ККТ, разрешается до 31 декабря 2015 года включительно регистрировать и применять контрольно-кассовую технику, которая соответствует требованиям, утвержденным постановлением Правительства Российской Федерации от 14 июля 2014 года №657.

Подписано соответствующие постановление Правительства Российской Федерации от 3 июня 2015 года № 543, которые вносит изменения в постановление Правительства Российской Федерации от 23.07.2007 № 470 «Об утверждении Положения о регистрации и применении контрольно-кассовой техники, используемой организациями и индивидуальными предпринимателями». Разрешение распространяется на правоотношения возникшие с февраля 2015 года.

Принятое решение позволит участникам эксперимента применяющим инновационную контрольно-кассовую технику, избежать дополнительных расходов на покупку новой ККТ .

АнсалтIа гьоркьохъеб школалъ 2012 соналъ Муслимова ПатIимат КамилхIажиевналъул цIаралда кьураб аттестат 05 АБ 0061728 билун буго.

Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.

АнсалтIа гьоркьохъеб школалъ 2014 соналъ МухIамадова Батул ГIабдулаевналъул цIаралда кьураб аттестат 005 18000262411 билун буго.

Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.

Анчихъ росулъа Увайсов Асильбегица зигара балеб буго ГIалахъ росулъа Заурбегов ЖабрагIилида ва гьесул гIагарлъиялда гьесул эбел **ПатIимат** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Алжан насиблъун, иманалда рухI босун батаги.

Газета гIуцIарал: Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллéктив

Учредители: Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель А. Агъларов

Жавабияй секретарь З.ГIумарова

Отделалъул редакторал Ш. Лабазанов, П. Дибирова

ГЬУДУЛЛЪИ
Тираж 1000

Мухбирзаби
З.МухIамадова/М. ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторазул.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru